

Diskite jenetik ak fanmi yo

Kreye an kolaborasyon ak CLG Community Health Worker Institute

Kòmanse konvèsasyon

"Mwen remake ou/pitit ou a te wè plizyè espesyalis. Èske gen moun ki janm pale avèk ou sou yon referans jenetik?"

"Èske ou janm di doktè ou ke gen plizyè moun nan fanmi ou ki gen menm sentòm ak ou?"

"Lòt fanmi nan sitiayson w te jwenn ke yon randevou ak jenetik ka itil."

Sijè pou evite

Bay rekòmandasyon

Diskite sou fason ou ta jere sitiayson yo

Fè yon pronostik sou kondisyon yon timoun

Reponn kesyon medikal sou jenetik

Pataje twòp enfòmasyon pèsonèl sou eksperyans ou te viv

Si nenpòt nan sijè sa yo parèt, isit la nan yon fason pou reponn...

"Sa a son tankou yon bon kesyon pou founisè swen sante ou. Mwen ka ede w fè yon lis tout enkyetid ou yo ke w ka pote nan pwochen randevou w pou w diskite avèk yo."


Objektif fòmasyon jenetik la se ede CHW yo idantife fanmi ki ka benefisyé de sèvis jenetik, bay sipò epi ofri konsèy sou fason pou diskite sou jenetik ak founisè swen sante prensipal yo.

Yon CHW pa ta dwe janm eseye fè yon dyagnostik jenetik oswa bay nenpòt konsèy medikal sou jenetik.



Pou plis resous sou kesyon yo poze souvan sou sèvis jenetik, tanpri vizite nymacgenetics.org/new-jersey.

Se Administrasyon Resous ak Sèvis Sante (Health Resources and Services, HRSA) Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken an (HHS) ki sipòte resous sa yo nan kad yon pri ki totalize \$1,029,941 kote sous non gouvenmantal yo pa finanse menm 0 poustan ladan I. Kontni yo se bagay otè a (yo), epi yo pa obligatwaman reprezante ni opinyon ofisyèl ni apwobasyon HRSA, HHS, oswa Gouvènman Ameriken an. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite HRSA.gov. Kreye nan Ane 2024.



Konvèrsasyon jenetik Fè ak pa fè



Kreye an kolaborasyon ak CLG Community Health Worker Institute



Pa di "Ptit ou a se otis."



Di "Ptit ou a gen yon dyagnostik maladi spectre otis la."

Toujou sonje itilize premye lang moun!



Pa di "Yon espesyalis jenetik ka ede detèmine si ptit ou a gen yon mitasyon jenetik ki lakòz pwoblèm yo."



Di "Yon espesyalis jenetik ka ede detèmine si ptit ou a gen yon varyasyon jenetik ki ka lakòz pwoblèm sante yo."

Mo "mitasyon an" pèrsu trè negatif. Mo "varyasyon" oswa "chanjman" yo pi net. Se pa tout varyasyon/chanjman jenetik ki danjere. Gen kèk lakòz okenn efè, ak kèk ka aktyèlman itil pou moun nan.



Pa di "Ptit ou a gen otis. Li ta ka jenetik."



Di "Mwen te aprann ke souvan, otis ka koze pa yon chanjman jenetik. Si sa a se vre pou ptit ou a, sa ka afekte lòt timoun oswa manm fanmi yo. Èske w te konnen timoun yo te dyagnostike ak otis yo ta dwe bay TOUT yon referans pou yon randevou jenetik? Si w enterese, nou ka pale sou fason pou w kòmanse konvèrsasyon sa a ak pedyat ptit ou a."

Detèmine si otis se akòz chanjman jenetik se yon bagay konplèks epi li mande tès jenetik espesyalize, ki ka sèlman kòmande pa yon founisè swen sante.



Pa di "Ptit ou a gen anpil pwoblèm sante. Li pwobableman akòz yon chanjman jenetik."



Di "Mwen remake ptit ou a gen anpil pwoblèm sante. Pafwa timoun ki gen plizyè pwoblèm sante gen yon chanjman jenetik ki lakòz pwoblèm sante yo. Sa a se yon bagay ou ta ka diskite ak pedyat ptit ou a pou wè si yon referans jenetik ta ka itil pou fanmi ou."

Fè yon dyagnostik jenetik sèlman apre yon bon egzamen ak tès pa yon founisè swen sante ki gen ekspètiz nan jenetik. Yon CHW pa ta dwe sijere okenn kondisyon jenetik espesifik oswa eseye fè okenn dyagnostik jenetik. Olye de sa, ofri sipò epi dirije fanmi an pou diskite sou jenetik ak pedyat ptit yo.

Pou plis resous sou kesyon yo poze souvan sou sèvis jenetik, tanpri vizite nymacgenetics.org/new-jersey.

Se Administrasyon Resous ak Sèvis Sante (Health Resources and Services, HRSA) Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken an (HHS) ki sipòte resous sa yo nan kad yon pri ki totalize \$1,029,941 kote sous non gouvènmental yo pa finanse menm 0 pou san ladan I. Kontni yo se bagay otè a (yo), epi yo pa obligatwaman reprezante ni opinyon ofisyèl ni apwobasyon HRSA, HHS, oswa Gouvènman Ameriken an. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite HRSA.gov. Kreye nan Ane 2024.